


# ǴÁREZSIZLIKTIŃ DÁSLEPKI JÍLLARÍNDA ILIMLER AKADEMIYASÍ QARAQALPAQSTAN BÓLIMINDEGI ILIMIY JETISKENLIKLER

**B.U.Temirxanov**
ÓzRIA QQB GIIII tayanch doktorantı,
temirxanovbaxtiyar777@gmail.com, +998907234602
https://doi.org/10.5281/zenodo.10441217

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 20-December 2023 yil
Ma'qullandi: 25- December 2023 yil
Nashr qilindi: 29- December 2023 yil

**KEY WORDS**

*Mustaqillik, davlad, ilm-fan, Prezident Farmoni, Qoraqalpog'iston Bo'limi, olimlar, ilmiy o'zgarish, ilmiy hisobot, Gumanitar soxa, ilmiy tahlil.*

**ABSTRACT**

*Mustaqillikning ilk yillarida Fanlar Akademiyasi Qoraqalpog'iston Bo'limidagi ilmiy o'zgarishlar. Davladning ilm-fanni qo'llab-quvvatlashi. Ilm-fan soxasida Prezident Farmonlari. Olimlarning davlad imtiyozlaridan unimli foydalanishi.*

Hár qanday mámlekettiń rawajlanıwında ilimniń roli áhmiyetli. Ilimniń hár bir tarawı mámleket rawajlanıwı ushın óz úlesin qosadı. Ilimiy akademiyalar mámleket rawajlanıwında tiykarǵı fundamental baza esaplanadı. Sol ushın normativlik hújjetler arqalı nızamlı túrde bekkemleniw zárúrlikleri payda boladı. Bul boyınsha bir qansha Prezident Pármanları shıǵarıladı.

Ilim hám texnika tarawında mámleket siyasatın ámelge asırıw, social-ekonomikalıq mashqalalardı sheshiwde respublikanıń ilimiy quwatınan ónimli paydalanıw, ilim hám islep shıǵarıwdıń birge islesiw usılların qáliplestiriw, patent-licenziya hám ilimiy informaciyalıq iskerligin jetilistiriw, xalıqaralıq ilimiy-texnikalıq birge islesiwdi rawajlandırıw maqsetinde hám Ózbekstan ilim-texnika jámáátshiliginiń usınısların itibarǵa alıp 1992-jılı 18-fevralda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PF-345 – sanlı pármanı shıǵadı. Oǵan kóre tómendegi talaplar qoyıldı:

1. Ekonomika komiteti hám oǵan qaraslı ilimiy shólkemler negizinde hámde olar hámde olar sanı hám qárejetleri esabına Ózbekstan Respublikası Ilim hám texnika mámleketlik komiteti (ITMK) shólkemlestirilsin.

ITMK janında respublikalıq ilim-texnika hám potent-licenziya informaciyası orayı (ÓzITPI) shólkemlestirilsin.

2. Tómendegiler Ózbekstan Respublikası Ilim hám texnika mámleketlik komitetiniń basil wazıypaları hám iskerliginiń baǵdarları etip belgilensin:

Ilim-texnika rawajlanıwınıń respublika ushın ústem baǵdarların belgilew, ilim hám texnikanı xoshametlew usılların islep shıǵıw tiykarında ilim-texnika tarawındaǵı mámleket siyasatın qáliplestiriw hám ámelge asırıw;

Úlken ilimiy-texnikalıq programmalardı islep shıǵıw hám ámelge asırıw, nátiyjeli sheshimler hám texnologiyalardı islep shıǵarıwǵa engiziwdi shólkemlestiriw boyınsha ilimiy-izertlew hámde joybar-konstruktorlıq shólkemleri, kárxanalar, birlespe iskerliginiń muwapıqlasıwın támiyinlew, ilimniń islep shıǵarıw menen baylanısın bekkemlew;

Ilim hám texnika tarawı tarmaqları kompleksin, ilim menen islep shıǵarıwdıń belsene birge islesiw formaların shólkemlestiriw hám rawajlandırıw, joqarı maman ilimiy qánigelerdi tayarlawdı jetilistiriw;

Respublikanıń xalıqaralıq ilimiy-texnikalıq birge islesiwde qatnasıwdıń ústem jolları hám tiykarǵı baǵdarların islep shıǵıw, shet mámleketler, ilimiy hám oqıw orayları hámde basqa shólkemler menen ilim, texnika tarawında kadrlar tayarlawda baylanıslardı muwapıqlastırıw hám olardı keńeytiriwge kómeklesiw;

Ilim hám texnikanıń ústem baǵdarları boyınsha ilimiy-texnikalıq joybarlar hám programmalardı mámleket ekspertizasınan ótkeriwdi shólkemlestiriw hám sol islerdi ámelge asırıw, ilim hám texnika jetiskenliklerin engiziwdi, xalıq xojalıǵı tarmaqların ilimiy-texnikalıq dárejesin qadaǵalaw;

Ilim hám texnika tarawında avtorlıq huqıqları qorǵalıwı, oylap tabıwlar, jaratıwlar, sanaat úlgileri hám tovar belgilerinen Ózbekstan Respublikasında ónimli paydalanıwdı támiyinleytuǵın sistemanı júzege keltiriw;

patent-licenziya jumısların shólkemlestiriw hám muwapıqlastırıw, respublika patent fondın dúziw, patentlew máselelerinde kárxanalar hám shólkemlerge másláhatler hámde metodikalıq járdem beriw;

informaciyalıq sistemalar hám informaciyalıq bazardı qáliplestiriw boyınsha respublikada ótkerilip atırǵan jumıslardı muwapıqlastırıw, elimizdegi hám shet ellerdegi ilim-pán, texnika hámde texnologiyalardıń eń jaqsı jetiskenlikleri haqqında basqarıw organların, kárxanalar, ilimiy hám oqıw shólkemlerin informaciya menen támiyinlew.

3. Belgilep qoyılsın, Ózbekstan Respublikasınıń Ilim hám tenika mámleketlik komiteti óz huqıq sheńberinde qabıl etken qararları kimge boysınıwdan hám múlkshilik formalarına qaramastan, ministrlikler, basqarmalar, koncernler, uyımlar, kárxanalar, ilimiy shólkemler hám mákemeler ushın májbúriy.

4. Ózbekstan Respublikası Prezidenti janındaǵı Ministrler Kabineti eki hápte ishinde Ózbekstan Respublikası Ilim hám texnika mámleketlik komotetiniń iskerligin shólkemlestiriw máselelerine tiyisli qarardı qabıl etiwi, Komitet dúzilisin hám ol haqqındaǵı Nızamdı tastıyıqlawı zárúr [1].

Sonday-aq, 1992-jılı 8-iyulde Ilim-texnika imkániyatların kúsheyttiriw, social-ekonomikalıq rawajlanıwdıń actual mashqalaların sheshiwde ilimniń áhmiyetin asırıw hám zárúr izertlewler hám innovaciya processleri keńeytiriliwin mámleket jolı menen qollap-quwatlaw maqsetinde Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PF-438 – sanlı Pármanı shıǵadı. Onda ilimiy izertlew institutlarında hám joqarı oqıw orınlarında xojalıq shártnamaları tiykarında islenetuǵın ilimiy izertlew jumısları, sonday-aq innovaciyalıq jumıslar 1992 – 1995-jıllarda qosımsha qun salıǵınan azat etiw hám ilim-pándi rawajlandırıwdı, innovaciyalıq iskerlikti mámleket jolı menen qollap-quwatlawdı támiyinlew boyınsha Ministrler Kabineti bir hápte ishinde qarar qabıl etiwi kerekligi kórsetildi [2].

1992-jılı Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń ulıwma jıynalısı Akademiyanıń Qaraqalpaqstan filialın bólimge aylandırıw tuwralı qarar qabıl etti. Bul Qaraqalpaqstandaǵı

bilim orayı bolǵan birden-bir ilimiy mákemeniń statusın, huqıqın, múmkinshiliklerin joqarılattı. Endi ol sol jıldan baslap Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan bólimi dep atala baslandı. Bólimniń prezidiumınıń baslıǵı, usıdan keyin lawazımı boyınsha Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń vitse-prezidenti lawazımına saylanatuǵın boldı [3].

Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń baslıǵı S.Kamalovtıń bólimniń 1993-jılǵı ilim izertlew jumıslarınıń juwmaǵı hám 1994-jıldaǵı wazıypaları tuwralı bayanatında tómendegishe keltirip ótedi: 1993-jılı Ózbekstan Respublikası hám Qaraqalpaqstan Respublikası turmısında júz bergen ájayıp waqıyalar menen bir qatar Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń alımları menen birlikte biziń bólimniń alımları da Akademiyamızdıń 50 jıllıq merekesin saltanatlı túrde belgilep ótti.

1993-jılı N.Dáwqaraev atındaǵı til hám ádebiyat institutınıń bir qatar ilimpazları M.Nızamatdiynov, A.Karimov, Q.Mámbetnazarov, T.Niyetullaevlar Respublikalıq Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtı alıwǵa miyasar boldı.

Ótken jılı ilimdi rawajlandırıwda úlken jetiskenlikleri hám respublikanıń jámiyetlik turmısına aktiv qatnasqanı ushın bólimniń 6 xızmetkeri, til hám ádebiyat institutınan S.Bahadırova, X.Xamidov, A.Pirnazaov, Aral jaǵalawlarınıń ekologiyalıq mashqalaları bóliminen S.Sagitov, S.Qabulovlar “Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti sińgen ilim ǵayratkeri” degen húrmetli ataq aldı [4].

Bólimde bir qansha jetiskenlikler kózge túsip, ol boyınsha ÓzRIA QQ Bóliminiń 1997-jılǵı ilim-izertlew jumıslarınıń juwmaǵı tuwralı Bólimniń bas ilimiy xatkeri f.m.i.k. E.Óteniyazov qısqasha bayanat penen shıǵadı.

Ilimiy baǵdarlarǵa muwapıq esap beriw jılında Bólim ilimpazları tárepinen 44 akademiyalıq, 16 konkurslıq, 3 shártnama tiykarındaǵı temalar ústinde jumıs alıp barıldı. 44 byudjetlik temanıń 13 fundamental, 31 tema mámleketlik ilimiy texnikalıq, prioritetlik mámleketlik ilimiy texnikalıq programmalar boyınsha alıp barılıp atır. Bul byudjetlik temalardıń barlıǵı 1997-jıldan baslandı [5].

ÓzRIA Qaraqalpaqstan Bóliminiń ilimpazları esap beriw jılında 49 byudjetlik tema, 8 konkurslıq, 1 innovaciyalıq hám 4 xojalıq shártnaması boyınsha jumıslardı islpe pitkerdi. Olardıń ishinde 17 tema fundamental baǵdarlama boyınsha orınlandı [6].

Bólimde hár qıylı ilim tarawları boyınsha kóp ǵana ilimiy qánigeler ósip jetilisti hám qáliplesti. Olar óz bilimin, kúsh-ǵayratın respublikamızdıń xalıq xojalıǵın, mádeniyatın, kórkem-ónerin, bilimlendiriwdi rawajlandırıwǵa jumsadı. Olardıń atların búgin biz maqtanısh penen tilge alamız: N.Dáwqaraev, N.Japaqov, Q.Aimbetov, R.Qosbergenov, Ya.Dosumov, J.Orınbaev, N.Orınbaev, D.S.Nasırov, Q.Maqsetov, K.Ubaydullaev hám basqalar. N.Dáwqaraev haqqında aytatuǵın bolsaq, ol qaraqalpaq iliminiń maqtanıshı desek hesh qanday qátelespeymiz. Ol tek ǵana Qaraqalpaqstanda ǵana emes, bálki Ózbekstanda filologiya ilimleriniń doktorı degen ilimiy dárejege iye boldı. Bólimde 1974-jılı birinshi qaraqalpaq akademigi M.Nurmuxamedov jetilisip shıqtı. Sońınan 1979-jılı S.Kamalov, 1989-jılı Ch.Abdirov, 1995-jılı T.Eshanov hám A.Dawletov, al 2000-jıl bolsa J.Bazarbaev, X.Xamidov hám A.Baxievlar akademiyaǵa haqıyqıy aǵza bolıp saylandı [7].

Bólim ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında-aq óziniń ilimiy jetiskenliklerin kórsetip Qaraqalpaqstan sonday-aq, Ózbekstan ilimine óz úlesin qosıp keldi. Bul haqqında Akademik S.S.Ǵulomov óz pikirin tómendegishe bayan etedi: Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi quramına kiriwshi Aralboyı social-ekonomikalıq

mashqalaların úyreniw, Tariyx, arxeologiya hám etnografiya hámde Til hám ádebiyat islep atırǵan kásipleslerimiz de ilim-pán rawajlanıwnda kóplegen jetiskenliklerge eristi. Solardan, Aralboyı social-ekonomikalıq mashqalalardı úyreniw institutı regionda islep shıǵarıw kúshlerin ornalastırıw, social-ekonomikalıq processlerdi moellestiriw, ekologiya hám xalıqtanıw mashqalaların izertlew menen shuǵıllandı. Institut ilimiy izertlewleri jaqın hám uzaq shet eldiń ayrım ilimiy orayları menen birgelikte alıp barılmaqta. Sonday-aq, institnttıń Shıǵıs Evropa (Germaniya) ekonomikalıq izertlewlerin muwapıqlastırıw byurosı, Ekologiyalıq ekonomika boyınsha xalıq aralıq jámiyet (ISEE) aǵzası ekenligi biykardan emes, álbette [8].

**Ádebiyatlar:**

1. https://lex.uz/docs/-237612
2. https://lex.uz/docs/-172827
3. «Qaraqalpaqstannıń Jańa tariyxı» (Qaraqalpaqstan XIX ásirdiń ekinshi yarımınan XXI ásirge shekem). «Qaraqalpaqstan» baspası, Nókis – 2003
4. «Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bóliminiń baslıǵı S.Kamalovtıń bólimnń 1993-jılǵı ilim izertlew jumıslarınıń juwmaǵı hám 1994-jıldaǵı wazıypaları tuwralı bayanatı». Vestnik №1, Nókis – 1994
5. «Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan Bóliminiń 1997-jılǵı ilim-izertlew jumıslarınıń juwmaǵı tuwralı Bólimnń bas ilimiy xatkeri f.m.i.k. E.Óteniyazovtıń qısqasha bayanatı». Vestnik №1, Nókis – 1998
6. «Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan Bóliminiń 1999-jılǵı ilim-izertlew jumıslarınıń juwmaǵı hám keleshektegi wazıypaları tuwralı Bólimnń bas ilimiy xatkeri f.m.i.k. E.Óteniyazovtıń qısqasha bayanatı». Vestnik №1, Nókis – 2000
7. N.Q.Aimbetov «Ilimizdiń iliminiń rawajlanıwında Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan iliminiń tutqan ornı» (ÓIA 60 jıllıǵına). Vestnik №6, Nókis – 2003
8. S.S.Ǵulomov «Ijtimoiy-gumanitar fanlar – yangi bosqichda» Ózbekiston Respublikasi Fanlar Akademiyasi ijtimoiy-gumanitar fanlar kompleksi muassasalarini rivojlantirish kontseptsiyalari. Toshkent – 2006